

# Soti nan tradisyon pou rive nan laverite

Chemin espirityèl yon pè

Richard Bennett

Mwen fèt Iland nan yon fanmi ki gen uit pitit, lè mwen te timoun, mwen pa te manke anyen e kè mwen te toujou kontan. Papa mwen te kolonèl nan lame Iland lan, mwen te gen nevan lè li te pran retrèt li. Nou te renmen jwe anpil, chante, fè teyat ansanm nan fanmi mwen. Nou te konn fè tout sa nan kan militè Dublin an.

Fanmi mwen se te yon modèl fanmi katolik jan ou konn wè sa nan peyi mwen. Kèk fwa, papa mwen te konn mete li sou jenou li ak anpil reverans nan pye kabann li. Manman mwen te konn pale ak Jezi pandan li ap koud, lave vesò, e menm lè li ap fimen sigarèt li. Prèske chak swa nou te konn mete nou ajenou pou nou woule chaplè. Menm lè nou te konn malad grav, sa pa te janm konn vini nan lide nou pou nou pa ale lamès. Se konsa, depi lè mwen te gen senk ou sizan, Jezi Kris te vini pou mwen yon moun tout bon vre, menm jan ak Mari ak tout sen yo. Se sa ki fè mwen konprann byen moun ki mete Jezi, Mari, Jozèf ak lòt sen yo nan menm sak, kit yo soti nan peyi katolik an Erop, an Amerik Latin osinon nan Filipin.

Yo te antre mwen nan katechis la nan lekòl Jezuit Bèlvedè yo, kote mwen te fè klas primè ak segondè mwen. Menm jan ak tout lòt elèv Jezuit, depi a dizan mwen te gentan ka resite senk rezon ki fè ke Bondye egziste, e mwen te ka eksplike tou sa ki fè Pap la se « chèf sèl Legliz Tout Bon an ». Zafè retire nanm nan “pigatwa” se yon sijè ke mwen te pran trè o serye. San nou pa te vrèman konprann sans li, nou te aprann fraz sa pa kè : « lide pou priye pou moun ki mouri yo pou yo ka delivre de peche yo, se te yon lide ki sen e ki merite anpil respè ». Yo te konn di nou Pap la, antan ke chèf Legliz la, se te moun ki pi enpòtan nan mond lan, sa li di fè lalwa, e ke Jezuit yo se te bra dwat li. Menm si se an laten yo te konn fè lames, mwen te konn fè tout sa mwen kapab pou mwen ale chak jou, tèlman anbyans ke gen yon bagay kache a te atire mwen. Yo te konn di nou tou mwayen pi asire pou nou fè Bondye plezi se lè nou patisipe souvan nan lamès. Nou te konn jwenn ankourajman pou nou priye sen yo ; te gen sen patron pou tout kalite sikonstans nou te ka imajine. Mwen menm, mwen pa te konn priye yo, sèl Sen Antwàn, ki se sen bagay ki pèdi paske mwen te konn pèdi afè mwen prèske toutan.

Lè mwen te gen katòzan, mwen santi mwen te resevwa yon apèl pou mwen vini misyonè, men sa pa te chanje anyen nan fason mwen te konn viv lè sa. Soti sèz pou rive dizuitan te yon peryòd ekstwaòdinè kote mwen te fè siksè e nan lekòl e sou teren spò.

Nan peryòd sa mwen te konn menen manman mwen lopital souvan, kote li t ap suiv yon tretman. Yon jou, pamdan mwen te ap tann li, mwen tonbe sou vèsè sa yo : « *Jezi reponn li : sa m ap di nou la a, se vre wi : nenpòt moun ki kite kay li, osinon frè l, osinon manman l, osinon ppapa l, osinon pitit li, osinon jaden l, pou sèvis mwen ak pou sèvis Bòn Nouvèl la, moun sa a gen pou l resevwa, depi kounyea, nan tan sa a, san (100) fwa plis pou sa l te kite a : kay, frè, sè, manman, pitit, jaden ansanm ak tout kalite pèsekisyon. Epi nan tan k ap vini apre sa a, li gen pou l resevwa lavi ki p ap janm fini an.* » Mwen pa te konprann vrè mesaj sali a, kidonk, mwen te deside ke mwen te resevwa yon apèl pou mwen vini misyonè vre.

## **Efò mwen te konn fè pou mwen merite Sali a**

Nan lane 1956, mwen te kite fanmi mwen ak zanmi mwen pou mwen ale jwenn lòd Sen Dominik la. Panda nwit ane apre mwen fin fè sa, an menm tan mwen te ap inisyé nan lavi pè, mwen te ap etidyé tradisyon Legliz la, filozofi ak teyoloji Thomas d'Aquin, ak kèk nosyon nan Bib la nan sans legliz katolik Women an. Sa vin fè ke nan yon sans, lafwa pèsonèl mwen vin pran fòm sistèm reliyón Sen Dominik la. Yo te konn di mwen ke se lè mwen obeyi ak lwa Legliz yo epi ak lòd dominiken an m ap jwenn sanktifikasyon. Anpil fwa, mwen te konn ak direktè etidyan yo, Ambrose Duffy, nan sa ki gen pou wè ak lalwa antan ke mwayen sanktifikasyon. Mwen pa te vle sen sèlman, men mwen te vle gen asirans Sali etènèl mwen tou. Mwen te kenbe nan tèt mwen yon pati nan sa Pap Pie XII te konn anseye a, dapre li « pou anpil moun sanktifye, fòk gen priyè ak sakrifis ki fèt a travè kè mistik Kris la nan entansyon sa ». Se mesaj fondamantal sa tou Fatima ak Lourdes te konn ap preche pou di ke se ak lapriyè ak soufrans ke moun ka jwenn Sali a ; kidonk mwen te konn chèche pwòp Sali pa mwen ak pa lòt moun atravè soufrans epi nan lapriyè.

Nan monastè dominiken Tallaght nan vil Dublin kote nou te ye a, mwen te konn fè anpil bagay ki di anpil pou mwen te ka sove nanm tankou benyen ak dlo glase nan peryòd fredi, frape chèn ki fèt an asye nan do mwen. Direktè etidyan yo te konnen sa mwen te ap fè yo, e jan li te konn mennen tèt li di, san plezi te konn enspire mwen menm jan ak pawòl Pap yo. Mwen te konn etidyé, priye, fè penitans ak anpil detèminasyon ak rigè, e mwen te eseye respekte 10 kòmandman yo ak anpil lòt règ ak tradisyon lòd sen Dominik la.

## **Bèl deyò, vid anndan**

Nan lane 1963, lè mwen te gen vennsenk an, apre mwen te fin òdone pou mwen vin pè nan Legliz katolik Women, mwen fè ennan ap etidyé dou Thomas d'Aquin nan Inivèsite Angelicum nan lavil Wòm. Se la mwen te kòmanse rankontre kèk difikilte : mwen te santi m bél deyò men vid anndan. Depi kèk ane, mwen te gen yon lide tou fèt nan tèt mwen nan sa ki gen pou wè ak Sen Syèj la ak Lavil Sen an, jan mwen te wè sa nan liv ak imaj. Èske se te menm vil la ? Mwen te sezi wè gen kèk ki te konn vin nan Inivèsite Angelicum la kòmsi yo pa t enterese ditou a teyoloji a. yo te konn ao li *Time* ak *Newsweek* pandan moman kou yo. Sa ki te konn suiv ansèyman yo se te jis pou jwenn yon diplôm nan peyi kote yo soti a oubyen pou yo jwennnyon pozisyon nan Legliz katolik.

Yon jou mwen te ale nan Colisée a, mwen te kanpe kote san anpil kretyen nan tan lontan te koule. Lè mwen te rive nan Forum nan, mwen te ale nan arèn nan. Mwen t ap eseye wè devan je mwen gason ak fanm ki te tèlman byen konnen Kris la ke yo te prefere ak kè kontan yo boule yo tou vivan oubyen pou bét manje yo olye yo te renye non Li ; men kè kontan sa te gate akoz kè jèn vagabon ke mwen te rankontre nan bis lè mwen t ap tounen an ki t ap rele mwen « **fimye** » oubyen « **fatra** ». Mwen te santi se pa t paske mwen te pran pozisyon mwen pou Kris, men paske yo te wè nan mwen yon moun ki reprezante sistèm katolik la. Mwen kouri dèyè mòd panse sa yo rapid, mwn tout sa yo te montre mwen sou laglwa wòm jounen jodia te parèt san fondman, san verite.

Yon ti tan apre sa, mwen pase dezèdtan ap priye nan nuit la, devan mèt otèl legliz San Clemente a. Mwen te vin panse ak apèl mwen te resevwa pou misyon an lè mwen te pi jèn, mwen te panse tou ak pwomès de sa m ap rekòlte 100 fwa plis ki fêt nan Mak 10 :30 lan. Mwen te bay vag a koze pou mwen gen diplom teyoloji mwen, epoutan se te sa ki te objektif mwen depi lè mwen te fèk kòmanse etidye sou Thomas d'Aquin. Mwen te priye lontan avan mwen te pran kokennchenn desizyon sa e mwen te kwè se te yon bon desizyon. Pè a ki te direktè tèz mwen an pa te vle tandem bagay konsa, e pou rann sa pi fasil pou mwen, li te propoze pou mwen pran tèz yon lòt moun te fè kèk ane avan sa e fè li pase pou pa mwen. Mwen t ap fè kòmsi se mwen ki te ekri li, a kondisyon mwen t ap prezante li devan yon panèl jij. Sa li te di mwen an te ban mwen kè plen, e sa te fè mwen panse ak a yon bagay mwen te wè kèk semèn anvan nan youn nan plas nan vil la : bèle jèn fi ki prostitiye tèt yo ki t ap fè ale vini ak bòt nwa ki fêt ak po bèt nan pye yo. Sa pè a te fèk sot di mwen an te merite kondane menm jan an. Mwen te kenbe desizyon mwen te pran an, mwen fini etid mwen nan Inivèsite a nan yon nivo òdinè san diplom.

Lè mwen te tounen nan peyi mwen, mwen resevwa yon lèt ofisyèl ki te fè mwen konnen ke mwen te dwe ale etidye nan Inivèsite Cork la pandan twazan. Mwen te priye nan fon kè mwen sou apèl mwen panse mwen te resevwa pou mwen vin misyonè a. Yon ti tan apre, mwen te sezi lè mwen teresevwa lòd pou ale nan misyon nan peyi Trinidad ki nan Zantiy yo.

## **Lògèy, echèk, ak yon lòt kalite grangou**

Mwen rive Trinidad premye oktòb 1964. Pandan sèt an, mwen te fè anpil siksè tankou prèt katolik, mwen te fè tout sa mwen dwe fè byen e mwen te atire anpil moun vin nan lamès. Depi lane 1972, mwen te antre nan mouvman karismatik legliz katolik la. Nan reyinyon priyè ki te fêt nan mwa mas menm ane a, mwen te di Senyè a mèsi dèské li te fè de mwen yon si bon prèt, e mwen te mande Li, si sa te nan volonte li pou li te fè mwen vin pi modès e pi bon. Nan menm aswè a, mwen fè yon aksidan san parèy ki lakòz zo nan tèt mwen te fele e mwen te gen anpil blese nan mwal epinyè mwen. Se pral lontan apre sa ke mwen ap vin konprann si mwen pa te manke mouri, mwen pa t' ap janm soti nan sitiyasyon kote mwen te santi mwen byen anpil la. Priyè tou fèt mwen te bat pa kè yo pa te itil mwen anyen, alòske nan doulè mwen se Bondye mwen te ap rele.

Pandan mwen te ap soufri anpil plizyè semèn apre aksidan an, mwen te kòmanse rekonfòte mwen nan pwòp priyè pa mwen. Mwen te sispann di brevyè a ki se sous ofisyèl priyè ansanm legliz katolik Women yo, e mwen te sispann woule chaplè tou. Mwen te kòmanse fè priyè mwen pandan mwen te ap sèvi ak kèk pasaj nan Bib la. Sa te pran mwen anpil tan paske mwen pa te konnen kòman pou mwen sèvi ak Bib la; sa yo te konn montre mwen yo ane apre ane te fè mwen plis pè Bib la olye pou mwen te fè li konfyans. Sa mwen te etidye nan filozofi ak nan teyoloji nan Inivèsite a pa te itil mwen anyen non plis, paske lè mwen te antre nan Bib la pou mwen chèche Senyè a, se te tankou antre nan yon gwo forè ki fènwa san mwen pa gen okenn kat.

Yon ti tan apre nan menm ane a, lè yo te vin rele mwen nan yon lòt pawas, mwen te rejwenn ak yon pè dominiken ki te tankou yon frè pou mwen depi lontan. Pandan prèske dezan, nou te travay ansanm nan pawas Pointe-à-Pierre sa, an menm tan nou te ap chèche Bondye nan fason pa nou. Nou te ap li, etidye, priye e mete an pratik tou sa nou te aprann de ansèyman Legliz la. Nou te mete kominote nan zòn Gasparillo, Claxton Bay, Marabella, ak lòt vilaj ankò. Nou te fè anpil siksè nan sans

yo konprann legliz katolik Women an; anpil moun te konn vin nan lamès e yo te konn anseye katechis nan anpil lekòl, menm nan lekòl leta yo. Mwen te kontinye etidye Bib la poukont mwen, men sa pa te vrèman gen okenn efè sou sa nou te konn fè: mwen te jis ap dekouvri jan mwen prèske pa t konn anyen de Senyè a ak Pawòl Li.

Se te peryòd kote mouvman katolik karismatik lan te ap devlope, e nou te antre li nan prèske tout vilaj. Nan menm optik mouvman sa, kèk kretyen ki soti Kanada te vini Trinidad pou pataje lafwa yo ak nou. Mesaj yo te konn ap preche te pote anpil bagay pou mwen, sitou nan kesyon lapriyè pou gerizon. Se vre sa yo te konn ap anseye te chita plis sou eksperyans ak swadizan siy ak prodig, bagay ke mwen te bay vag kèk tan apre, men sa te yon benediksyon pou mwen paske li te fè mwen fè Bib la plis konfyans tankou otorite. Mwen te eseye mete pasaj biblik yo youn ak lòt, e mwen te menm kòmanse resite chapit ak vèsè. Kanadyen sa yo te konn site anpil Ezayi 53:5 “*Avèk tout kou li te resevwa yo, li ban nou gerizon*”. Se pandan m ap etidye Ezayi 53, ke mwen dekouvri remèd pou peche nan Bib la se nan yon lanmò ki fèt nan plas yon lòt: Kris te mouri nan plas mwen. Kidonk se te yon move bagay pou mwen chèche efase pwòp peche mwen oubyen pou mwen peye pri peche m. “*se pa paske yo te fè sa ki byen kifè Bondye te fè yo favè sa a. Men se paske Bondye te vle fè l pou yo. Si se pat konsa, favè Bondye a pa ta yon favè tout bon ankò* » (Women 11 :6). « *Nou te tankou mouton ki te pèdi bann, chak moun bò pa yo. Men, chatiman ki pou te tonbe sou nou an, Senyè a fè l tonbe sou li* » ( Ezayi 53 :6)

Mwen te konn peche souvan pandan map nève sou lôt moun, mwen te menm konn fè kòlè pafwa. Se vre mwen te konn mande padon pou peche sa yo, men mwen potko konprann mwen gen yon nati pechè, nati ke nou tout genyen e eritye de Adan. Verite daprè sa ki ekri : *nan pwen moun ki gen rezon devan Bondye.non, pa yon grenn.*(women 3 :10) anplis *tout moun fè peche. Yo tout yo vire do bay Bondye* (women3 :23).poutan legliz katolik te aprann mwen peche nan lavi moun kapab efase lè ou fin resevwa batèm aprè nesans li. Entèlektyèlman mwen te kwèl, men nan mwen menm mwen te konnen kris potko pran kèm nèt poul retire nati deprave mwen an. Se nan moman sa a vèsè sa a : filipyen 3 :10 *tounen kri nanm mwen : se yon sèl bagay mwen bezwen, se konnen pou m konnen Kris la, pou m santi nan mwen pouvwa ki te fè li leve sòti vivan nan lanmò a, pou m soufri ansanm avèl nan soufrans li yo, pou m rive mouri tankou li.*

### Kesyon ki pi enpòtan an

Avan tou, mwen dekouvri bib la, pawòl Bondye a gen yon valè total e ki pa gen okenn erè. Yo te aprann mwen, pawòl la gen yon sèl valè relatif, e Nan plizyè domèn verite li an favorize diskisyon. Pandan map itilize konkòdans strong lan, mwen kòmanse etidye sa bib lan di de li menm. Se lè sa mwen konprann okontrè li totalman fyab, li sòti nan Bondye, e li anseye sa ki konplè. Istwa li eksplike yo verite, pwomès Bondye yo se verite menm jan ak pwofesi yo ak kòmandman yon ki ban nou lòd sou jan nou dwe viv daprè lajistis.*tout sa ki ekri nan liv lase nan lespri Bondye yo sòti. Y'ap sèvi pou montre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun kap fè fot, pou moutre yo kijan pou yo viv byen devan Bondye. Konsa yon moun k'ap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tout sa li bezwen pou li fè sa ki byen.*(2 timote 3 :16-17)

Mwen fè dekouvèt sa, pandan yon vizit Vancouver nan Colombie Britannique, epi nan Seattle ozetazini. La, lè sa yo te envitem pou mwen ale pale ak gwoup priyè pawas katolik St Stephen nan, mwen te pran kòm sijè « otorite konplè pawol Bondye a ». se te premye fwa mwen t'ap kapte verite sa a, e mwen te santim te lib poum pale de li. Lè m tounen Vancouver devan prèske kat san moun,

nan yon gwo pawas nan vil sa a, mwen te preche menm mesaj sa a. bib mwen nan menm, mwen t'ap pwoklame pawol Bondye a se sous pi gwo otorite e li konplè nan tout domèn konsènan lafwa ak fason nou kondwi nou nan lavi a.

### **Kontradiksyon ant legliz la ak bib la**

Malgre mwen te prèt nan pawas Pointe a Pierre, yo te mande Ambroise Duffy (moun ki te banm fòmasyon kòm direktè etidyan) pou li asistem. Se te tankou yo te ranvèse sitiyasyon an. Aprè kèk difikilte nan kòmansman nou te vin bon zanmi. Mwen t'ap pataje avèl sa mwen tap dekovri. Li tap tande m e fè kòmantè ak anpil enterè, pandan li te vle konnen kisa ki te motivem. Mwen te wè nan li yon kanal komunikasyon avèk frè dominiken mwen yo e menm ak moun kap travay akachevèk mwen yo.

Li mouri brit sou kou ak yon kriz kadyak, sa ki te pou mwen yon gwo chagren. Mwen te wè nan Ambroise moun ki te ka eksplike nou, mwen ak frè dominiken yo kontradiksyon ant legliz ak labib, epi verite mwen te konn batay anpil avèk yo. Mwen te preche nan antèman li ak yon gwo dezespwa. Mwen te kontinye ak filipyen 3 :10 la « *konnen li ak pwisans ki te fè li soti vivan nan lanmò* ». pou mwen konnen li pi byen, mwen te dwe konprann tou ke mwen se pechè. Mwen wè nan labib (2 timote 2 :5) si wòl sasèdosal entèmedyè mwen genyen an koresponn byen ak doktrin romen an men li te konplètman kontrè ak doktrin biblik lan. Mwen te renmen yo respektem anpil, pou yo preske fèm tounen idòl yo. Mwen tap jistifye peche sa pandan m'ap di: aprè tou si se sa pi gwo legliz nan mond lan anseye, kiyès mwen ye pou mwen kesyon sa ? men batay ki tap fètanndanm nan tap ogmante entansite. Mwen te kòmanse konprann se peche pou nou ap rann vyèj la, sen yo ak prèt yo yon sèvis adorasyon. Pandan mwen ap renonse ak envoke la vyèj ak sen yo kòm medyatè, men mwen pat ka rive renonse ak privilèj mwen yo, paske mwen te envestí tout egzistans mwen ladan yo.

### **Ane mwen pase ap batay ak tèt mwen yo**

Mari, sen yo ak privilèj mwen yo te sèlman yon ti pati nan konba mwen te angajem nan. Kiyès ki te Senyè nan lavim? Jezikri ak pawòl li an oubyen legliz wòm nan? Dènye kesyon sa a te ap ravaje anndanm pandan sis dènye ane mwen pase kòm prèt nan pawas Sangre Grande sòti 1979 pou rive nan 1985. Lide legliz katolik women se pi gwo otorite nan zafè moral ak lafwa te ankre nan tèt mwen depi mwen te tou piti. Ta sanble anyen pa ka chanje sa. Non sèlman wòm te pi gwo otorite men nou te dwe rele li “manman nou ki sen” kijan mwen ta ka leve kont li pandan map bay sakreman li yo, mwen ki dwe garanti fidelite tout yon pèp?

Nan lane 1981, nan yon sesyon renouvo espirityèl nan yon pawas nouvelle Orléans, mwen te menm rive renouvle konsekrasyon mwen nan sèvis legliz katolik women a. Poutan, lè mwen tounen Trinidad, e mwen twouve mwen fas ak pwoblèm egzistans lan, mwen retounen nan otorite pawòl Bondye a. Tansyon an tap grandi nan mwen paske pou mwen yon lè se legliz katolik women an ki pi gwo otorite, yon lè se bib la. Lestomak mwen te ap fè mwen soufri anpil pandan lane sa yo, e emosyon mwen te reflete gwo konba sa a. Mwen te dwe konnen ke mwen pa ka sèvi de mèt a la fwa, men nan pratik mwen te mete otorite konplè pawòl Bondye a sou gwo otorite legliz women an.

Kontradiksyon sa a te nan sa mwen te fè ak kat estati legliz Sangre Grande yo. Mwen te retire e detwi estati St François ak St Martin yo, pwiske dezyèm kòmandman lalwa Bondye a ki deklare nan Egzòd 20: 4 “piga, nou fè okenn estati ni pòtre ki sanble bagay nou ki anwo nan syèl la, osinon bagay ki sou latè ou ankò nan dlo, anba tè a”. Men lè kèk moun derefize abandone estati sakre kè ak

vyèj mari yo, mwen te kite yo nan plas yo akoz otorite siperyè legliz katolik women, ki te di nan lalwa kanon 1188 la: “nap kenbe pratik ki pwopoze imaj sen yo nan legliz pou fidèl yo ka venere. Mwen pat wè nan aksyon mwen yo kem tap soumèt pawòl Bondye a anba pawol lèzom”.

## Se te fòt mwen

Mwen te konnen deja ke pawòl Bondye a konplè. Mwen te nan gwo touman paske mwen te ap eseye malgre tou bay legliz katolik women an yon otorite siperyè ak pawòl Bondye a, menm nan domèn kote legliz wòm nan ap kontredi kareman bib la. Kijan mwen fè rive la? Se te fòt mwen. Si se vre mwen te asepte bib la kòm pi gwo otorite, pawòl Bondye a te ka konvenk mwen renonse ak wòl sasèdosal la ki te fèm medyatè, men mwen te twò atache ak wòl sa. Men yon lòt bò pèsonn pat janm poze kesyon sou wòl prèt mwen an. Lòt kretyen ki sòti nan lòt pati mond lan tap asiste mès yo, yo tap wè lwil, dlo beni yo, meday nou yo, estati nou yo, rad litiji nou yo, rityèl nou yo e yo tout te wè sa gran. Pratik deyò yo sedwizan legliz katolik yo, senbòl yo, mizik yo, sans estetik yo gen yon bagay ki fasine nou. Pafen lansan an pa la pou li anchante sans nen nou sèlman ; men li anvayi nou ak yon gwo santiman mistè.

## Devyasyon an

Yon jou yon dam te rele mwen. Li se premye moun ki te rele mwen pandan vennde zan sasèdòs mwen yo. “*Nou menm katolik women sa yo, nou gen fòm pyete lakay nou men nou pa genyen pwisans.*” Se sa li te di mwen. Pawòl sa yo te twouble mwen pandan ase lontan, paske mwen te renmen bouji yo, banyè yo, mizik fòlklò yo, gita ak tanbou yo. Pa gen pè Trinidad ki te gen rad litijik ak banyè ki pi klere ke pa mwen yo. Li te klè kem pat konn praktike vèsè nan bib la ki te anba je mwen yo.

Nan mwa oktòb 1985, gras Bondye te ranpòte sou manti mwen te ap chèche viv la. Mwen te ale Barbade, yon zile nan vwazinaj la pou mwen te priye sou sijè konpwomi mwen te ap fòse rete ladann nan. Mwen te santi mwen te pran nan pyèj la poutan pawòl Bondye a te vrèman konplè. Se li menm sèl mwen dwe obeyisans; men devan menm Bondye sa mwen te pwomèt poum obeyi gwo otorite legliz women an. Barbade mwen te li yon liv ki eksplike sans legliz daprè bib la. Li se « kominate kwayan yo ». Nan novo alyans lan pa gen okenn tras yerachi. Pa genyen tou klèje ki sou tèt sevite yo. Men pito jan Senyè a dil la: *men, nou menm, paq fè moun rele nou mèt, paske se yon sèl mèt nou genyen. Apa sa nou tout se frè.* ( Matye 23:8) Konsidere legliz tankou pou m te ka depann sèlman de Jezikris, Senyè a.

Mwen te kòmanse konprann ke daprè bib lan evèk ke mwen te konnen nan legliz katolik women yo pat kwayan. Pifò nan yo te moun ki dwat, lwayal ak wòm, e plen ak devosyon pou vyèj Mari ak chaplè yo; men pyès nan yo pat konprann zèv Sali a te akonpli a, zèv Kris lan te pafè e pèsonn pa ka ajoute anyen nan Sali pèsonèl Kris ap ofri a. yo tout tap preche konfesyon peche yo ak repantans, soufrans lèzòm, aksyon reliye yo, chemen lèzòm men pa levanjil lagras la. Gras a Dye, mwen te wè se pat gras ak legliz wòm ak nenpòt lòt merit ke mwen ka sove.(efezyen 2:8-9) *se paske li renmen nou ki fè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans no unan li. Sa pa sòti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa pèsonn pa ka vante tèt yo.*

## **Fèt yon lòt fwa Nan laj karantwit an**

Mwen te kite Legliz katolik women nan lè mwen te wè kijan sa enposib pou viv nan Jezikri pandan pou rete fidèl ak doktrin katolik women an. Lè mwen te kite Trinidad an novanm 1985, mwen te gen ti bagay nan menm poum rive Barbade. Se la mwen te rete kay yon koup ki granmoun; mwen te priye pou mwen te resevwa yon konplè ak mwayen nesesè pou mwen te ale Canada, paske mwen te genyen antou kelke san dola ak rad pou klima twopikal la. De priyè sa yo te egzose san mwen pa te pale ak lòt moun de sa ke Senyè a.

Sòti nan yon tanperati twopikal nan trant degre, mwen te debake nan nèj ak glas Canada. Yon mwa aprè mwen rive Vancouver, mwen rive ozetazini menm. Mwen te fè Senyè mwen an konfyans pou li te okipe li de tout bezwen mwen yo, kòm mwen te repati a zero nan lavi a a karantwit an, san lajan, san kat sejou, san pèmi kondwi, ni okenn moun ki ka rekomande mwen, si se pa Senyè a ak pawòl li.

Mwen pase sis mwa kay yon koup kretyen nan yon fèm nan eta Washington. Mwen te esplike moun ki te resevwa mwen yo ke mwen te fenk kite Legliz Katolik women, ke mwen te aksepte Jezi ak tout pawòl nan bib la e avèk sa mwen pa te manke anyen; e mwen te konsyan de desizyon sa, mwen pa te gen okenn dout,e okenn moun pa te ka fèmwen tounen sou li.  
Alòske, mwen pa pe kite sa mwen sot di la yo enpresyone mwen, yo te vle konen eske rete kèlke bagay ki blese mwen oswa kèlke amètim nan mwen. Nan Lapriyè, e avèk yon gwo konpasyon, yo te okipe mwen. Yo te konnen, paske yo fè menm demach la, koman sa difisil pou kite amètim nan antre. Kat jou aprè mwen te rive lakay yo, pa gras Bondye, mwen te komanse viv repantans lan e komanse wè fwi Sali a. Non sèlman mwe te genyen pou mwen mande Senyè a padon pou anpil ane konpwomi mwen yo, men ankò pou mwen resevwa gerizon nan domèn mwen te blese anpil yo. Nan laj karantwit an, anba otorite pawòl Bondye sèlman, pa gras li sèl, mwen te aksepte Kris kite mouri nan plas nou sou lakwa. Se pou li menm sèl tout glwa.

Mwen te retounen nèf fizikman e spirityèlman kay de Kretyen sa yo e kay manm fanmi yo, Senyè a te banm yon madanm, Lynn, li menm tou “fèt yon lòt fwa” pa lafwa.Fason li ye a gen mak lagras, epi li entelijan anpil. Nou pati ansanm pou Atlanta, Georgie, kote nou de jwenn travay.

## **Yon misyonè tout bon, ak yon mesaj tout bon**

An septanm 1988, nou te kite Atlanta pou mwen te misyonè Azi. Se te yon ane rich e abondan nan Bondye, menm pase sa mwen te ka imajine. Gason ak Fanm te ap vinn konnen otorite Bib la ak pwisans lanmò ak rezirekson Kris la. Ala yon kontras ak tradisyon katolik women yo, tankou fil arenye ki te bare lespri mwen pandan vennde zan ! Trinidad, tout misyonè mwen te ye, malgre rad sasèdotal mwen te pote pandan venteyen an, mwen pa te gen mesaj veridik.

## **Temwanyaj Levanjil gras la**

Nan lane 1972 kèlke Kretyen te ansenye mwen sou gerizon fizik nan Bondye, mwen te ap wè pi klè si yo te esplike mwen pa ki otorite moun ki fè peche a ka rekonsilye ak Bondye. Labib ansenye byen klè ke Jezi te pran plas nou sou lakwa. Eske nou ka eksprime verite sa pi byen pase Ezayi te fè li a ? ‘Men, se pou peche nou kifè yo te mete san'l deyò konsa, Se akòz mechanste nou kifè yo te

*kraze'l anba kou konsa. Chantiman ki te pou nou an se sou li li tonbe. Se konsa li ban nou kè poze. Avèk tout kou li te resevwa yo , li ban nou gerizon''* (Ezayi 53:5). Sa vle di Bondye pran sou kont li tout sa mwen ta dwe sibi akòz peche mwen yo. Devan Papa a mwen konfye mwen nan Jezi, ranplasan mwen.

Ezayi te ekri sa 750 lane avan senyè nou an te krisifye. Yon ti tan aprè sakrifis li sou lakwa, Apòt Pyè te ekri nan premye epit li a : ‘*Kris la te pote peche nou yo nan kò li sou bwa a, pou nou te ka mouri annegad peche, pou nou te ka viv dwat devan Bondye. Li te kite yo maltre te li pou li te ka geri nou.* (1Pyè 2:24).

Nou tout eritye nati pechrès Adan an ; nou tout fè peche, e okenn nan nou pa rive atenn glwa Bondye. Kijan nou ap kapab kanpe devan Bondye sen an, si se pa nan Kris, pandan ou ap rekonèt ke kris mouri pou nou kote nou te merite mouri ? Se Bondye ki ban ou lafwa pou nou ka fèt yon lòt fwa, e li ofri nou posibilite pou rekonèt nan kris sila ki te vin pran plas nou. Se kris ki te peye pri peche nou yo. Li menm ki pa te janm peche, yo te krisifye li. Se la vrè mesaj levanjil la ye. Eske mete lafwa nou nan li te sifi ? wi, lè nou fèt yon lòt fwa, lafwa sifi. Lafwa sa soti nan Bondye, e li ap pwodwi bon zèv, an patikilye repantans. ‘*Se Bondye ki fè nou. Nan Jezikri li kreye nou pou nou ka fè anpil bon zèv nan lavi nou, dapre sa li te pare davans pou nou te fè*’ (Efeyen 2:10).

Repanti nou, se renonse pa pwisans Bondye tout ansyen mòd lavi e ansyen peche nou yo. Sa pa vle di ke nou vin pa ka fè peche ankò : sa vle di ke sitiyasyon nou devan Bondye pa menm jan an ankò. Depi lè sa, nou rele pitit Bondye, paske se sa nou ye. Si nou ta fè peche, nou genyen pou nou regle yon pwoblèm relasyonèl ak Papa nou. Nou pa pèdi sitiyasyon pitit Bondye nou an nan Kris, paske li irevokab. Nan Ebre 10:10, Labib eksprime sa nan kelke tèm ekstrawòdinè : ‘*Kifè nou netwaye anba peche nou yo, se paske Jezikri te fè tou sa Bondye te vle, li ofri kò pa li bay Bondye yon sèl fwa, epi li fini.*’ Zèv pafè Kris la Jezi sou lakwa sifizan, e li fini nèt. Konfye nou sèlman nan zèv sa, e ou ap vinn konnen yon lòt lavi, fèt ak lespri Bondye : ou ap vinn fèt yon lòt fwa.

Pou esplike lavi ki p ape janm fini ke Jezi te ap pale a, e menm lavi sa ke mwen ap jwi a, pa gen mo ki plis ka eksplike li ke Women 8 :1-12 : ‘*Kounyeya, nanopwen okenn kondanasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak Jezikri. Lalwa Sentespri a ap fè nou viv ansanm ak Jezikri, li delivre nou anba lalwa peche a ansanm ak anba lanmò.*’ Mwen pa libere sèlman anba sistèm katolik Women an : Mwen vinn yon lòt moun nan Kris. Se gras Bondye, e gras li sèlman ke mwen soti nan move zèv mwen o pou mwen vinn nan yon lòt lavi.

Sa Pòl te ap di de konpatriyòt jwif li yo, mwen ka di li ak zanmi katolik Women mwen yo: Dezi ak priyè kèm se pou yo sove. Mwen temwen ke yo gen zèl pou Bondye, men zèl yo a fonde sou tradison Legliz yo a men se pa nan pawòl Bondye. Si nou konprann attachman ak soufrans tèrib ke kèlke nan frè ak sè Filipin ak Amerik sid nou yo ap viv nan reliyon yo, noua p ka konprann kri kè mwen : “Senyè, ban ou lanmou sa ki ap fè nou konprann doulè ak touman frè ak sè sa yo ki ap chèche fè ou plezi. Si nou konprann doulè kè katolik Women an, nou ap motive pou nou prezante yo Bòn nouvel zèv Kris la sou lakwa ki fini nèt.”

Temwanyaj mwen montre koman sa te difisil pou mwen, mwen menm katolik Women, pou mwen abandone trradisyon Legliz la. Men lè pawòl Bondye mande sa, nou dwe fè li. Akoz “devouman” Legliz katolik Womèn nan, li ka difisil pou montre pwoblèm nan. Chak moun dwe gen konviksyon

pèsonèl yo ak otorite ki pèmèt nou konen verite a. Wòm di ke se sèl yo menm ki ka fè konen verite a. Selon tèm li yo (kanon 212, seksyon 1) “ kreyen fidèl la e ki konsyan de responsablitè li a, se obeyisans kreyen an ki kenbe li, pou li swiv sa pastè sakre yo ki se rezistant kris la, deklare a ki se doktè Lafwa, oubyen deside tankou yo se chèf Legliz la.”<sup>1</sup>(Kòd dwa kanon, fonde sou konsil Vatican II, pibliye pa Pap Jean Paul II nan lane 1983) Epoutan, daprè Labib, se pawòl Bondye a menm ki sous verite a. Se akòz tradisyon imèn sa yo pran pou deviz : “Ekriti a sèlman, Lafwa a sèlman, Gras la sèlman, pa Kris sèlman, e pou Bondye sèl Laglwa.”

## Poukisa pou mwen bay temwanyaj mwen?

Mwen pataje verite sa yo avèk nou pou nou ka konnen chemen Sali a selon Bondye. Pi gwo defo nou nou menm Katolik se kwè ke yon fason oubyen yon lòt, ou ap kapab reponn ak èd Bondye akòde nou pou nou ka vinn jis devan li. Se yon lide tou fèt anpil nan nou koube anba li depi byen lontan e ki parèt byen klè nan “katechis Legliz katolik la” (1998) nan paragraf 2921 : “ Gras la se sekou Bondye ban ou pou nou reponn ak vokasyon pou nou vini pitit adoptif li...”

Mantalite sa kenbe nou nan yon doktrin ke Bib la pa sispann kondane. Se lèzòm ak konsyans yo ki te bay definisyon sa de Lafwa, paske sa deklare anpil fwa nan Bib la ke Bondye ap fè moun ki kwè a jis devan li “ san zèv yo ” (Women 4:6), “ San zèv lalwa ” (Women 3:28). “ Se pa zèv yo ” (Efezyen 2:8) “ Se Don Bondye ” (Efezyen 2:9) Wè nan repons kwayan an yon bagay ki fè Sali a, e wè tou nan gras la on senp èd rezime kareman a bay manti. “ Se paske yo te fè sa ki byen kifè Bondye te fè yo favè sa a ; men se paske Bonde te ve fè li pou yo. Si se pa te konsa, favè Bondye a pa ta yon favè tout bon ankò.

Labib deklare tou senp : “Don lajistis” nan Jezikri se yon kado ki sòti nan sakrifis Kris te akonpli sou lakwa. “ Se vre wi, Poutèt peche yon sèl moun, lanmò te domine nou akòz li menm sèlman. Men, granmesi yon sèl moun tou, Jezikri, nou jzenn plis toujou : tout moun ki resevwa kado Bondye a an kantite, tout moun ki resevwa kado Bondye a lè li fè yo gras, yo gen pou yo viv, pou yo domine nou akòz Kris la ”(Women 5:17)

Se jan Jezikri di li a li ye : Li mouri nan plas moun ki kwè yo. Li menm, yon sèl grenn nan, li te bay tèt li pou anpil (Mak 10:45). Li deklare li menm : “ Paske, sa se san mwen, san ki siyen kontra Bonde fè a, san li koule pou anpil moun jwenn padon pou peche yo ” (Mathieu 26:28). Se sa Pyè deklare tou: “ Paske Kris la mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p ape janm mouri ankò. Li menm ki te ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun kip a te ap mache dwat yo, pou li te ka mennen nou ba Bondye. Li te mouri nan kò li, men ak pouvwa Lespri Bonde a, li leve vivan ankò. ” (1 Pyè 3 :18). Nan fen chapit 5 lan nan dezyèm epit korent yo, nan vèsè 21 an li ekri: Kris la pa te janm fè okenn peche, men Bondye fè li pran sò nou sou li, yo trete li tankou on moun ki fè peche. Konsa, lè nou fè yon sèl kò ak kris la, Bondye fè nou gras.

Chè lektè, Bib la prezante sa byen klè. Bondye rekommande nou kounya pou nou asepte pawòl sa: “Repanti nou, e kwè nan Levanjil la ” (Mak 1:15).

Etap ki pi difisil pou nou menm katolik ki gen bon ten yo se pou nou kite mòd panse merit, panse byen nou genyen yo e nou dwe sispann eseye pi bon konsa nou vaaksepte senpman, ak de men vid kado jistis nou jwenn nan jezi kris la. Refize aksepte sa Bondye mande yo se menm bagay ak peche jwif reliye nan tan lontan sou Pòl yo te konn fè. ‘‘*Yo pa te konprann kijan Bondye te ap fè lèzòm gras, Yo te pito chèche fè sa nan jan pa yo. Se konsa yo pa te asepte jan Bondye te v le fè li a*’’ (Women 10:3)

- 1- (*code de droit canon*, fondé sur le concile de Vatican II, et promulgué par le Pape Jean Paul II en 1983).